

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Désain Panalungtikan**


Désain panalungtikan mangrupa rarancang jeung prosédur tina hiji panalungtikan, anu biasana ngawengku léngkah-léngkah jeung métodeu dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data (Sukardi, 2009). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarékan kualitatif kalawan métodeu déskriptif, sabab data nu rék ditalungtik mangrupa polah ucap. Panalungtikan kualitatif sok disebut ogé panalungtikan nu alamiah, hartina panalungtik salaku konci dina panalungtikan anu ngumpulkeun jeung ngolah sumber data jadi data nu ditalungtik (Sugiyono, kc. 15, 2015). Panalungtikan kualiatatif miboga tujuan pikeun meunangkeun pamahaman ngeunaan pasualan-pasualan manusa jeung sosial (Rijal Fadli, 2021). Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngahasilkeun prosédur analisis nu teu ngagaunakeun prosédur analisis statistik, leuwih kana upaya pikeun mekarkeun pamadegan nu ditalungtik sacara teleb (Basrowi & Suwandi, 2008). Nurutkeun Lexy J. Moelong (dina Rizqi spk, 2020) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maham naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan sacara holistik ku cara ngadéskripsikeun ku basa dina kontéks husus nu alamiah ogé ngamangpaatkeun métodeu nu alamiah.

Patalina jeung pamarekan panalungtikan, ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif. Panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan nu miboga udagan pikeun méré gambaran sacara sistématis ngeunaan fakta jeung karakteristik hiji objék atawa subjék nu rék ditalungtik (Sukardi, 2009). Métodeuu déskriptif dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadéskripsikeun ngeunaan adegan, wanda pragmatis, jeung ma'na pragmatis tina polah ucap komisif nu kapanggih dina novél. Ieu métodeu ogé dipiharep bisa ngaréngsékeun pasualan ngeunaan polah ucap komisif sacara aktual ku cara ngadéskripsikeun papasingan, analisis jeung nafsikeun data ngeunaan polah ucap komisif.

Dumasar kana pamarekan jeung métodeu anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan, dibutuhkeun hiji désain panalungtikan pikeun méré gambaran nu leuwih jelas ngeunaan kagiatan nu kudu dilakukeun sarta méré gambaran hal-hal

nu bakal karandapan atawa geus karandapan. Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah nu baris dijadikeun bahan pedaran, saperti kasang tukang, rumusan masalah, jeung métodeu panalungtikan nu rék digunakeun.

Sanggeus manggihan sababaraha masalah, dituluykeun ku ngumpulkeun data nu aya patalina jeung éta masalah. Dina ieu panalungtikan, téhnik nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data téh nyaéta téhnik studi pustaka. Sanggeus data na kakumpul, tuluy dianalisis make ulikan sintaksis jeung pragmatis. Dina ulikan pragmatis medar ngeunaan wangun polah ucap, adegan polah ucap sarta ma'na pragmatis. Sangkan leuwih jéntré, titenan bagan di handap.



Bagan 3. 1  
Désain Panalungtikan

### 3.2 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kalimah-kalimah nu ngandung polah ucap Komisif dina novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri, tina éta kalimah dianalisis wanda, adegan, jeung ma'na pragmatis polah ucap komisif. Ari nu disebut novél nyaéta wangun prosa nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna Panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompleks), ukuran pang pondokna nyaéta 40.000 kecap (150 kaca). Novél-novél nu aripis dina karya sastra sunda nu umumna 60-100 kaca merenahna disebut *novellet*, novél-novél pondok (Isnendes 2010, kc. 39).

Novél *Sudagar Batik* mangrupa salasihiji karya ti Ahmad Bakri, citakan kahijina nyaéta dina taun 2004, sedengkeun anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa buku citakan kaopat taun 2020, wedalan PT Kiblat Buku Utama. Kandelna nyaéta 81 kaca, sedengkeun ukuran bukuna nyaéta 14 X 21 cm. Ieu buku mibanda 6 épisode, nyaéta saperti tabél 3.1.

Tabél 3. 1  
Tingkesan Unggal Épisode tina Novél *Sudagar Batik*

No	Épisode	Kaca	Tingkesan
1	Kaleleban	7-19	Bi arwiah geus lila rarandaan, ti barang si kasnén umur dua taun. Sabab, harita salakina, bapa si kasnén, maot kaleleban ku si Kasja, budakna nu panggedéna. Mimitina mah bapa si kasnén téh rék ngawarah si Kasja, ngan sabab cara ngawarahna salah jeung kasar, antukna si Kasja kalah indit ti imah, teu balik-balik. Ti dinya bapa si kasnén ngarasa handeueul, manéhna tuluy néangan si Kasja ka sakabéh tempat nu kungsi didatangan ku si Kasja, ngan teu kapanggih kénéh. Bapa si Kasnén balik ku atah-atah, malahan mah kalah gering katutuluyan, teu bisa hudang-hudang acan, awalna beuki orot, da geus teu asup cai-cai acan.
2	Dukun Lupus	20-32	Geus mingguna bapa si Kasnén téh digugulung, da gering ripuh téa. Malahan ayeuna mah Bi Arwiah gé ngilu gering, awakna beuki orot mikiran salakina. Tatangga-tatangga nu ngagugulung ngilu mikiran kumaha carana supaya bapa si Kasnén téh cageur deui. Kapanggih hiji cara pikeun nyageurkeun bapa si

No	Épisode	Kaca	Tingkesan
			Kasnén, nyaéta ngageroan si Abah, salasihiji dukun nu kasohor di éta dusun. Manéhna geus nyageurkeun sababaraha jalma nu katutumpangan. Ahirna si Abah datang ka imah Bi Arwiah, manéhna nyebutkeun sababaraha sarat nu kudu dicumponan pikeun nyageurkeun bapa si Kasnén, malahan mah si Abah ogé bog acara pikeun ngageoran si Kasja nu nepika ayeuna can kapanggih kénéh. Ti dinya, bi Arwiah rada aya harepan, beak embé gé teu pansaran.
3	Yatim	33-43	Sanggeus diubaran ku si Abah, bapa si Kasnén téh lain cageur, kalah ngahodhod, panon na burial buncelik tiriseun, manéhna néangan panajikanna Bi Arwiah. Sanggeus di deukeutan ku pamajikanna, bapa si Kasnén ngan ménta hampura jeung kaduhung, tuluy mihapé keun si Kasnén jeung si Kasja ka panajikanna. Bada lohor, bapa si Kasnén téh tilar dunya. Loba tatangga nu mantuan bi Arwiah ngurus mayit, salasihijina si Sanukri, manéhna mantuan ti mimiti tahlil, tiluna, tujuhna, nepika matangpuluhna. Tapi geuning, sakabéh bantuan éta téh teu haratis. Beres matangpuluhna, Sanukri ngabénjérbéaskeun naon waé nu geus dikaluarkeun ku manéhna. Jumlahna teu saeutik, Bi Arwiah dipénta ngalunasan sakabéh nu dikaluarkeun ku si Sanukri. Tapi, bi Arwiah teu boga nanaon, aya gé ngan sawah jeung kebon keur budakna nu ayeuna geus jadi yatim, bi Arwiah ménta lolongkrang waktu pikeun ngalunasan. Tapi si Sanukri keukeuh, manéhna malah ménta dibayar ku Sawah. Tapi Bi Arwiah teu mikeun sawahna, manéhna milih nyicilan éta hutang ka Sanukri. Ti harita, si Kasnén dibawa hirup sangsara, nepi ka si Kasnén geus rada hideng jeung bisa nalang, nyundang-nyundang indungna.
4	Hujan Cimata	44-58	Kahirupan bi Arwiah jeung si Kasnén téh jauh tina cukup, meuli baju jang lebaran keur si Kasnén gé teu kaduga ku bi Arwiah, komo deui manéhna masih kudu nyicil hutang ka si Sanukri. Hiji waktu si Kasnén dibobodo ku si Adung, budakna si Sanukri. Kasnén dititah ngala kalapa di kebon Sanukri, nu antukna kapanggih ku Sanukri, tuluy dibawa wé ka imah lurah, sabab si Kasnén disangka maok kalapa. Untungna Pa

No	Épisode	Kaca	Tingkesan
			Lurah wijaksana, cacaritaan si Kasnén jeung si Adung diakurkeun, nu antukna si Kasnén kabukti teu salah. Ku sabab, bi Arwiah hayang mangmeulikeun baju lebaran keur si Kasnén, manéhna ngajual anak domba ka Sanukri, sabab ngadéngé si Adung rék disunatan. Tapi, éta domba téh dianjuk ku si Sanukri. Nepika takbiran gé, éta domba téh can dibayar ku si Sanukri. Atuh baju lebaran keur si Kasnén the teu kabeuli. Malem lebaran, bi Arwiah ceurik sabab inget ka si Kasja ogé ka salakina nu geus maot.
5	Sémah Ahéng	59-71	Tanggal wewelasan bulan sapar, lembur téh katangan sémah, ngaranna Abdul Rajak, ceunah mahmanéhna téh réhréhan ti Wali Pamijahan. Atuh si Sanukri téh bungah, diampihan wéh sémah téh ka imah si Sanukri. Sanukri ngamangpaatkeun éta sémah pikeun nanya pakasaban naon nu cocog keur Sanukri. Tuluy, dibéré dua jalan ku éta sémah, nyaéta kana batik atawa ngajagal. Sanukri milih kana batik, tapi pimodaleun na gedé pisan, ku kituna Sanukri ménta lolongkrang waktu pikeun ngalunasan modal ka si sémah. Sanukri nepika ngajual sagala pikeun nyumponan modal ngabatik téa.
6	Sudagar Batik	72-81	Sanukri loba nu ngomongkeun, sabab manéhna ngorbankeun sagala jang ngabandar ceunah. Sanukri téh ayeuna keur nungguan si Abah balik deui ka lembur pikeun ngalunasan pimodaleun ngabatik téa, tapi si Abah téh teu datang-datang, kalahkah aya jurungan si Madsaleh nu dianjukan besek ceunah ku Sanukri. Si Sanukri rungah-ringueuh, da asa teu nganjuk besek. Ti dinya manéhna kakara sadar yén manéhna téh ditipu ku si Abah, sémah nu bas aitu ngangjang ka imah manéhna, batal jaid sudagar batik si Sanukri téh. Golosor duit nu ngan sakitu-kituna téh dibikeun ka Madsaleh, ayeuna si Sanukri geus teu boga nanaon deui. Keur kitu, kurunung bi Arwiah, rék nagih duit anak domba téa, ngan si Sanukri teu bisa mayar da teu boga duit. Bi Arwiah balik deui wéh ka imahna, barang nepi ka imah manéhna ningali si kasnén keur nyanghareupan sémah. Tapi barang ditilik-tilik téh, asa teu bireuk sémah téh, asa jiga si Kasja, budak manéhna nu geus lila teu balik ka Imah. Barang

No	Épisode	Kaca	Tingkesan
			dideukeutan, geuning bener éta téh si Kasja, atuh beuki bungah wé bi Arwiah téh. Geuning ayeuna si Kasja geus jadi jalma nu beunghar tur bisa ngangkat darajat indungna.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka nu nyoko kana sumber bibliografis (artikél, buku, jeung skripsi) dina ngumpulkeun datana (Azkia & Rohman, 2020). Téhnik studi pustaka patali jeung kajian tioritis sarta référénsi lian, saperti ajén-inajén, budaya, jeung norma budaya di hiji masarakat nu ditalungtik (Sugiyono 2013, kc. 291). Dina ieu panalungtikan, téhnik studi Pustaka digunakeun pikeun nyangking informasi ngeunaan polah ucap komisif dina buku novél. Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta saperti ieu.

- 1) Maca sumber data, dina ieu panalungtikan hartina maca buku sacara gembleng.
- 2) Nyirian kalimah-kalimah nu ngandung polah ucap komisif nu kapanggih.
- 3) Nyalin kalimah-kalimah nu ngandung polah ucap komisif nu kapanggih kana kartu data digital.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa pakakas pikeun meunangkeun data nu diperlukeun nalika panalungtik geus nincak kana léngkah ngumpulkeun data di lapangan (Sukardi, 2009). Ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén mangrupa kartu data.

Sabada disalin kana kartu data, data disalin deui kana tabél nu geus dipasing-pasing dumasar wanda, ma'na jeung adeganna. Dina kartu data ngawengku kode data, dialog, wanda polah ucap komisif, ma'na pragmatis polah ucap komisif, katut adegan omongan. Dina kode data aya katerangan ngeunaan judul novél, kaca, jeung alinéa atawa kalimah.

Kode data dina ieu panalungtikan, saperti (SB/E2/1/A1/KL1), anu kode sumber data novél Sudagar Batik di tulis jadi (SB), kode (/E2/) nuduhkeun épisodena, kode (/1/) nuduhkeun kaca, kode (/A1/) nuduhkeun alinéana, jeung (/K1/) nuduhkeun kalimah nu ngandung polah ucap komisifna. Sangkan leuwih jéntré, wangun kartu data nu digunakeun dina panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2  
Kartu Data Digital

Alfabét	Data Polah Ucap Komisif	Kode Data
	( <i>Cutatan Kalimah</i> )	(SB/E.../(No kaca)/A.../K...)

Data nu geus dianalisis ngagunakeun kartu data digital, tuluy dipasing-pasing dumasar kana wanda, ma'na jeung adegan pragmatis polah ucap komisif, tuluy diasupkeun kana instrumén ngolah data. Sangkan leuwih jéntré titenan tabél 3.3.

Tabél 3. 3  
Kartu Data Digital Wanda Pragmatis Polah Ucap Komisif

No Urut	No Data	Data Polah Ucap Komisif	Kode Data
1.	01	( <i>Cutatan Kalimah</i> )	(SB/E.../(No kaca)/A.../K...)

Tabél 3. 4  
Kartu Data Digital Ma'na Pragmatis Polah Ucap Komisif

No Urut	No Data	Data Polah Ucap Komisif	Kode Data
1.	01	( <i>Cutatan Kalimah</i> )	(SB/E.../(No kaca)/A.../K...)

Tabél 3. 5  
Kartu Data Digital Adegan Pragmatis Polah Ucap Komisif

No Urut	No Data	Data Polah Ucap Komisif	Kode Data
1.	01	( <i>Cutatan Kalimah</i> )	(SB/E.../(No kaca)/A.../K...)

Keterangan kartu data:

- a) Polah ucap komisif nu dicutat dumasar alfabetis (A-Z)
- b) Kode data sumber cutatan, nu ngawengku:
  - SB : Singgetan judul novél *Sudagar Batik*.
  - E.. : Nomer Épisode
  - A.. : Nomer alinéa
  - K.. : Nomer kalimah nu ngandung polah ucap komisif.
- c) Analisis polah ucap komisif, dumasar kana:
  - (1) Wanda polah ucap
  - (2) Ma'na pragmatis
  - (3) Adegan polah ucap

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur sacara langsung (*Immediate Constituent Analysis*), sabab sumber data tina ieu panalungtikan mangrupa data tinulis (Nur & Lukman, 2019). Udagannana nyaéta pikeun ngolah data nu aya patalina jeung adegan polah ucap, wanda pragmatis jeung ma'na pragmatis tina polah ucap komisif nu kapanggih dina novél.

Téhnik ngolah jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun sababaraha tahapan ieu di handap.

- 1) Nitenan tur mariksa deui sakabéh data kalimah nu ngandung polah ucap komisif nu geus disusun dumasar alfabétis;
- 2) Ngaruntuykeun data kalimah nu ngandung polah ucap komisif
- 3) Nyieun papasingan tina kalimah nu ngandung polah ucap komisif dumasar kana wanda polah ucap, ma'na pragmatis, jeung adegan polah ucapna.
- 4) Nganalisis kalimah nu ngandung polah ucap komisif dumasar kana wanda polah ucap, ma'na pragmatis, jeung adegan polah ucapna.
- 5) Ngadéskripsikeun polah ucap komisif nu saacana geus dianalisis dumasar kana wanda polah ucap, ma'na pragmatis, jeung adegan polah ucapna.
- 6) Napsirkeun jeung nyindekkeun ngeunaan polah ucap komisif tina data nu geus diolah.